



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 44.2 MILYON DOLA POU PWOJÈ ENFRASTRIKTI SISTÈM DLO PWÒP AK DLO POTAB NAN TOUT ETA A

### *Pwojè yo sitiye nan 6 rejyon*

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal Eta New York lan (New York State Environmental Facilities Corporation, NYS EFC) te apwouve plis pase 44 milyon dola pou finansman pwojè dlo potab ak dlo ize yo nan Eta New York. Finansman an gen ladan, finansman san enterè ak finansman bon mache ke Konsèy Administrasyon EFC a apwouve. Sa pral bay solisyon rantab pou pwojè enfrastrikti enpòtan atravè eta a ki pwoteje oswa amelyore kalite dlo.

"Youn nan bagay pi enpòtan pou kenbe yon kominote solid ak rezistan se aksè ak dlo pwòp. Nan asire patnè lokal nou yo gen resous yo bezwen pou investi nan pwojè dlo enpòtan yo, nou kapab amelyore sante piblik la nan eta nou an epi poze baz pou kwasans ak devlopman ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede gouvènman lokal yo fè bon amelyorasyon nan enfrastrikti kle yo, tankou sistèm koleksyon dlo ize yo, konduit dlo potab ak rezèvwa estokaj dlo, ki ede pwoteje kalite dlo pou Nouyòkè yo pou plizyè jenerasyon alavni".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (DEC) ak Prezidan Konsèy EFC, Basil Seggos, te deklare,** "Fas ak chanjman klimatik yo ak tanpèt ki pi repete ak grav yo, sistèm dlo potab ansyen ak dlo ize yo ap fè fas ak difikilte plis ke jamè. Gouvènè Hochul konprann difikilte fiskal gouvènman lokal yo ap fè fas nan fè mizajou nesès pou enfrastrikti dlo epi te fè zafè pou bay efò yo sipò tounen yon priyorite prensipal. Anons jodi a pou plis pase 44 milyon dola nan sibvansyon ak finansman bon mache atravè Fon Prè Renouvlab Eta a pou Dlo Pwòp ak Dlo Potab nan New York ak Lwa sou enfrastrikti Dlo Pwòp la pral ede gouvènman lokal yo aplike gwo pwojè enfrastrikti pou pwoteje ak amelyore kalite lavi. DEC fyè pou fè patenarya avèk Environmental Facilities Corporation ak kominote yo atravè eta a pou ede ranfòse sistèm enfrastrikti idwolik New York la. Konsèy Administrasyon an akeyi Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral EFC a, Maureen Coleman, pandan l ap kontinye misyon EFC pou ede kominote yo avèk bezwen enfrastrikti dlo enpòtan atravè Eta New York".

**Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral EFC, Maureen Coleman, te deklare** "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, New York kontinye bay sipò san parèy pou ede kominote yo amelyore kalite dlo jan sa parèt nan dènye anons li yo kote li bay 400

milyon dola sibvansyon pou Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik ki disponib pou kominote lokal yo. Lè li apwouve finansman pou gouvènman lokal yo pou travay enfrastrikti idwolik enpòtan, Konsèy Administrasyon EFC a te asire ke kominote nan tout eta a ka antreprann pwojè nan fason ki rantab ki ede pwoteje resous dlo ki presye nou yo. Nou kontan fè patenarya avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Depatman Sante ak gouvènman lokal yo pandan n ap travay ansanm pou ranfòse ak modènize sistèm enfrastrikti dlo ansyen New York yo".

**Komisè Depatman Sante a (DOH), Doktè Howard Zucker te deklare,** "Angajman kontinyèl New York pou finance amelyorasyon nan dlo potab yo ak lòt inisyativ dlo pwòp yo ap fè yon enpak dirab sou sante kominote yo toupatou nan eta a. Sistèm idwolik yo ap fè travay la kounye a pou konsolide enfrastrikti obsolèt ki pral garanti aksè rezidan yo ak dlo potab bon kalite pou yon bon tan alavni".

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè Fon Renouvlab Eta a pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Funds, CWSRF) ak Fon Renouvlab Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) ak sibvansyon ki fè pati pwogram Lwa pou Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik la (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA).

Pwojè yo ke yo te apwouve finansman yo nan reyinyon 14 oktòb la gen ladan:

**Pwojè Dlo Potab:**

- Vil Jamestown nan Konte Chautauqua - 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou ranplasman konduit dlo.
- Vilaj Canisteo nan Konte Steuben -3,000,000 dola sibvansyon WIIA ak 1,776,800 dola nan finansman akoutèm ak nan to mache a pou modènizasyon sistèm estokaj ak distribisyon.
- Vilaj Walton nan Konte Delaware - 1,200,000 dola sibvansyon WIIA ak 800,000 dola nan finansman akoutèm ak nan to mache a pou modènizasyon sistèm estokaj ak distribisyon.
- Vil Kingston nan Konte Ulster -900,000 dola sibvansyon WIIA ak 600,000 dola nan finansman akoutèm ak nan to mache a pou modènizasyon sistèm estokaj ak distribisyon.
- Distri Dlo Massapequa nan Konte Nassau -4,000,400 dola sibvansyon entèminisipal pou modènizasyon yon sistèm distribisyon.

**Pwojè Dlo Pwòp:**

- Vil Lockport nan Konte Niagara - 531,250 dola sibvansyon WIIA, 2,268,750 dola nan finansman akoutèm ak san enterè epi 1,000,000 dola nan finansman akoutèm ak nan to mache a pou amelyore izin tretman dlo ize.
- Vilaj Addison nan Konte Steuben - 2,914,513 dola nan finansman alontèm, san enterè pou amelyorasyon sistèm dlo ize.
- Vil Binghamton nan Konte Broome - 2,740,000 dola nan finansman alontèm, san enterè pou reparasyon ak reyabiiltasyon izin tretman dlo ize avèk Vilaj Jonshon City.

- Vilaj Johnson City nan Konte Broome - 2,260,000 dola nan finansman alontèm, san enterè pou reparasyon ak reyabiiltasyon izin tretman dlo ize avèk Vil Binghamton.
- Vilaj Boonville nan Konte Oneida - 5,122,500 dola nan finansman akoutèm, san enterè ak 2,457,500 dola sibvansyon ki soti nan Fon Renouvlab Eta a pou Dlo Pwòp pou amelyorasyon nan izin tretman dlo ize yo.
- Vil Ticonderoga nan Konte Essex - 9,275,936 dola nan finansman alontèm, san enterè pou amelyorasyon nan izin tretman, separasyon egou sanitè ak ekleraj kouran dlo yo.
- Vil New Windsor nan Konte Orange - 392,188 dola sibvansyon WIIA pou reyabilitasyon egou.

CWSRF ak DWSRF se pwogram debaz finansman EFC a. Avèk patnè li DEC, EFC responsab pou operasyon ak administrasyon CWSRF la. CWSRF la pèmèt EFC bay finansman san enterè oswa ak to enterè ki fèb ak sibvansyon pou sipòte yon varyete pwojè amelyorasyon kalite dlo ki elijib. EFC opere ak administre DWSRF la menm jan an, ak patnè li DOH, pou founi finansman san enterè oswa ki nan to enterè ki fèb ak sibvansyon pou pwojè enfrastrikti dlo potab yo. Pou aprann plis sou ki jan EFC bay aksè ak sibvansyon, kapital nan pri ki ba, ak asistans teknik ki soti nan men ekspè, vizite sit entènèt EFC a nan [www.efc.ny.gov](http://www.efc.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418